

# UNGGAH-UNGGUHING BASA JAWI\*

Dening Sutrisna Wibawa  
Universitas Negeri Yogyakarta

## 1. Pambuka

Unggah-ungguhing basa mujudaken perangan ingkang baku soksintena ingkang ngginakaken basa Jawi. Tiyang dipunwastani sae basanipun, manawi piyambakipun saged ngecakaken unggah-ungguhing basa kanthi leres. Klentu anggenipun ngecakaken unggah-ungguhing basa, badhe dipunwastani tiyang ingkang boten mangertos unggah-ungguh utawi sopan santun. Inggih amargi wigatosaipun unggah-ungguhing basa wonten ing basa Jawi, pramila kedah wonten pambudidaya ingkang mirunggan kangge ngipuk-ipuk saha mekaraken unggah-ungguhing basa Jawi.

Wujudipun unggah-ungguhing basa ing jaman samenika sampun beda kaliyan jaman rumiyin. Manawi jaman rumiyin, wujudipun unggah-ungguhing basa menika maneka warni, ing jaman samenika unggah-ungguh ingkang maneka warni menika sampun boten sadaya dipunangge ing madyaning masyarakat. Wonten Parepatan Kongres Basa Jawi I taun 1991 ingkang kapacak ing buku “**Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa**” (Sudaryanto ed., 1991:5), dipuntetepaken bilih unggah-ungguhing basa Jawi menika bakunipun wonten sekawan, inggih menika (1) ngoko, (2) ngoko alus, (3) krama, saha (4) krama alus. Sajawining sekawan wujud menika, upami wonten (upaminipun madya) mujudaken basa padintenan ingkang boten baku.

Ing makalah menika, badhe dipunrembag sekawan wujud menika.

## 2. Wujudipun Unggah-ungguhing Basa Jawi

Unggah-ungguhing basa Jawi inggih menika sistem ragam basa miturut sesambetanipun antawisipun pamicara (Kridalaksana, 1992:10). Wonten ing ilmu sosiolinguistik, unggah-ungguhing basa dipunwastani ragam fungsiolek, inggih menika ragam ingkang wonten sesambetanipun kaliyan swasana panganggenipun basa utawi tataran formalitas (Nababan, 1986:14).

Blegeripun unggah-ungguh menika wonten kalih, inggih menika unggah-ungguh **krama** saha **ngoko**. Manawi dipuntingali saking aspek tataran basa atawi diglosia, wonten variasi inggil inggih menika tataran **krama** saha variasi **andhap** inggih menika tataran *ngoko* (Hudson, 1980:53). Antawisipun tataran **krama** saha **ngoko** wonten ragam **madya** ingkang mujudaken tingkat tutur inggil ingkang sampun ewah kanthi proses informalisasi saking ragam formal dhateng ragam informal.

Manawi dipunrunut saking sejarah, wujudipun unggah-ungguhing basa Jawi menika wonten maneka warni, inggih menika:

1. Manut buku “Karti Basa” (Kementerian Pendidikan, Pengajaran dan Kebudayaan Republik Indonesia, 1946:64-87), unggah-ungguh menika wonten pitung tataran:
  - a. Ngoko:
    - (1) Ngoko lugu
    - (2) Ngoko andhap
      - (a) Antya basa
      - (b) Basa antya
  - b. Madya:
    - (1) Madya ngoko

- (2) Madyantara
- (3) Madya krama

c. Krama:

- (1) Mudha krama
- (2) Kramantara
- (3) Wredha krama

d. Krama inggil

e. Basa kadhaton

f. Krama desa

g. Basa kasar

2. Manut buku “Sarining Paramasastra Jawa” (W.J.S. Poerwadarminta, 1953:9), unggah-ungguhing basa kaperang dados:

a. Basa ngoko:

- (1) Ngoko lugu
- (2) Ngoko andhap

b. Basa madya:

- (a) Madya ngoko
- (b) Madya krama
- (c) Madyantara

c. Basa krama:

- (1) Mudha krama
- (2) Kramantara
- (3) Wredhakrama
- (4) Krama inggil

(5) Krama desa

d. Basa kedhaton (bagongan)

Ing buku menika dipunterangaken bilih unggah-ungguhing basa ingkang maneka warni menika ingkang asring dipunginakaken namung tiga, inggih menika: **basa ngoko**, **mudha krama**, saha **krama inggil**.

3. Manut panaliten ingkang dipunayahi dening Soepomo Poedjosoedarmo sakanca nalika taun 1979, (Poedjosoedarmo, 1979:13), unggah-ungguhing basa saged dipungerba kados ing ngandhap menika.

a. Krama:

- (1) Mudha krama
- (2) Kramantara (sampun awis-wis kamiringaken)
- (3) Wredha krama (sampun awis-wis kamiringaken)

b. Madya:

- (1) Madya krama
- (2) Madyantara
- (3) Madya ngoko

c. Ngoko:

- (1) Basa antya
- (2) Antya basa
- (3) Ngoko lugu

Saking maneka warni sumber (taun 1946 dumudi 1980-nan), wujudipun unggah-ungguhing basa mratahipun inggih kados ingkang katur ing nginggil. Nembe taun 1980-nan dumugi 1990-nan kathah parepatan-perepatan ingkang ngrembag bab unggah-ungguhing basa supados kadamel prasaja, boten kangelan anggenipun sinau,

saha saged dipuncakaken kangge sesambetan ing bebrayan, langkung-langkung tumrap generasi mudha. Wusuna, ing tahun 1991 wonten ing “Parepatan Agung Kongres Basa Jawi I” ingkang dipunpacak ing buku “**Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa**” (Sudaryanto ed., 1991:5), dipuntetepaken bilih unggah-ungguhing basa Jawi menika kaperang adhedhasar dipunginakaken lan botenipun tembung-tembung ingkang nggadhahi **raos alus** ing tataran ngoko menapa dene krama. Kanthi adhedhasar menika, unggah-ungguhing basa kaperang dados (1) ngoko, (2) ngoko alus, (3) krama, saha (4) krama alus. Sajawining sekawan wujud menika, upami wonten (upaminipun madya) mujudaken basa padintenan ingkang boten baku. Dene ingkang dipunkajengaken **raos alus** inggih menika tembung-tembung ingkang klebet golonganing krama inggil.

Tuladha:

Ngoko (ngoko lugu)

“Ooo, yawis ta saiki crita liyane wae. Karo maneh ora apik bengi-bengi teka crita kaya ngono..., wis, wis ... eh, mengko sedhela engkas yen wis kecekel rak tentrem”

Ngoko alus:

“Ibu **tindak** ngendi ta Yu? Kok ora **kondur-kondur!** Bapak ya ora ana **ndalem, tindak** ngendi ta?”

Krama (krama lugu)

“Inggih Pak, kula Darmanto. Kula badhe taken, menapa Bapak sumerep griyanipun Pak Agung?”

Krama alus

“Lajeng samenika Bapak badhe **tindak** pundi? Pakdhe badhe **tindak** menapa wonten **ndalem?**”

Wujudipun unggah-ungguhing basa manut “**Buku Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa**” (Sudaryanto ed., 1991) menika lajeng dados pandom ing pamulangan-pamulangan ing Pulo Jawi (DIY, Jawa Tengah, saha Jawa Timur).

### **3. Panganggenipun Unggah-ungguhing Basa Jawi ing Masyarakat**

Wonten ing bebrayan Jawi samenika, unggah-ungguhing basa taksih lumampah kanthi sae, sinaosa panganggenipun taksih wonten ingkang klentu. Jer unggah-ungguhing basa menika mujudaken satunggaling subasita Jawi.

Panalitenipun Darsiti Suratman (1991:22) manggihaken panganggenipun basa Jawi ing lingkungan kulawarga pasca proklamasi kemerdekaan, makaten: ngoko campur kaliyan krama inggil 60%, ngoko campur kaliyan basa Indonesia 15%, krama inggil 13%, ngoko lugu 6%, krama campur kaliyan basa Indonesia 1,7%, basa Indonesia 1,7%, saha ngoko campur basa asing 1,75%.

Saking panalitenipun menika, saged dipunpendhet dudutan bilih kulawarga Jawi ing titi wanci menika taksih ngecakaken unggah-ungguhing basa kangge sesambetan.

### **4. Cak-cakanipun Unggah-ungguhing Basa ing Pamulangan**

Caranipun mulangaken kedah langsung praktek ngginakaken basa manut unggah-ungguhipun. Pamulangan basa Jawi ingkang sampun mataun-taun ngapalaken jinising unggah-ungguh saha ngapalaken tembung–tembung ngoko dados krama tuwin krama dados ngoko, kedah dipungantos pamulangan ingkang langsung mraktekaken utawi ngecakaken basa laras kaliyan unggah-ungguhipun. Manawi kacocokaken kaliyan kurikulum ingkang lumampah samenika, kurikulum berbasis kompetensi, cak-cakanipun wulangan unggah-ungguh basa Jawi kedah

saged ndamel siswa trampil ngginakaken basa ingkang laras kaliyan unggah-ungguhing basa, saengga murid nggadhahi kompetensi komunikasi basa Jawi.

## 5. Panutup

Unggah-ungguh basa mujudaken perangan ingkang baku soksintena ingkang ngginakaken basa Jawi. Tiyang dipunwastani sae basanipun, manawi piyambakipun saged ngecakaken unggah-ungguh basa kanthi leres.

Unggah-ungguhing basa Jawi bakunipun kaperang adhedhasar dipunginakaken lan botenipun tembung-tembung ingkang nggadhahi **raos alus** ing tataran ngoko menapa dene krama, inggih menika (1) ngoko, (2) ngoko alus, (3) krama, saha (4) krama alus. Sajawining sekawan wujud menika, upami wonten (upaminipun madya) mujudaken basa padintenan ingkang boten baku. Dene ingkang dipunkajengaken **raos alus** inggih menika tembung-tembung ingkang klebet golonganing krama inggil.

Caranipun mulangaken kedah langsung praktek ngginakaken basa manut unggah-ungguhipun.

## DAFTAR PUSTAKA

- Hudson, R. A. 1980. *Sociolinguistics*. Cambridge: University Press.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Kementerian PP dan K RI. 1946. *Kartibasa*. Djakarta.
- Nababan, P.W.J. 1986. *Sociolinguistik suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta: Noordhoff Kolff.
- Poedjosoedarmo, Soepomo, dkk. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Sudaryanto (editor). 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Suratman, Darsiti, 1991. "Pembinaan Bahasa Jawa di Lingkungan Keluarga"  
Semarang: Kongres Bahasa Jawa I.

\* *Makalah kangge Pengabdian kepada Masyarakat Guru-guru SD*



# **UNGGAH-UNGGUHING BASA JAWI**

**Dening Sutrisna Wibawa  
Universitas Negeri Yogyakarta**

**Makalah kangge Pengabdian kepada Masyarakat  
Ing Cabang Dinas P & K Kecamatan Tepus-Gunungkidul  
Tanggal 2005**

